

## KOMINIKE

Premye so pa so! Ayisyen toupatou, Ayisyen nan Florid, nou bite nou pako tonbe. Jodi-a se nou, demen se va yo! Lè sa-a, lakwa lanmò se douvan pòt yo lap ye!

Kidonk, nou tonbe ansanm, n'ap leve ansanm. Lè lavalas pèp-la pase, lap pran tout ipokrit, tout rat mòde soufle, tout fo lidè, tout kriminel, tout reyaksyonè, tout kandida de grenn gòch ki gen foli pouvwa. Pou sa fèt, fòk nou òganize-n, fòk nou kenbe mobilizasyon-an tenfass, kinalaganach, sou tout fòm, nan tout sans.

Fòk nou ede sak tonbe andan yo, fòk nou soutni tout òganizasyon k'ap travay pou mete kilikiki, fòk nou ede delegasyon k'ap monte desann pou fè demach k'ap kenbe presyon sou ekip awousa ki sot fè kadejak sou pouvwa pèp-la. Fòk nou soutni rezistans pèp-la an Ayiti. Fòk nou ede Prezidan Aritide tounen sou pouvwa-a.

Nan sans sa-a KOALISYON LAREZISTANS nan Miyami ap òganize youn kokenn chenn maraton, youn MARATON LAREZISTANS. Koalisyon sa-a gen ladan-l 5 òganizasyon politik/sosyal k'ap travay ansanm depi 30 septanm pou kenbe youn mobilizayon pèmanan nan kominote-a. Oganizasyon sa-yo se: Komite Inite Lit Inite (KILI), Lafanmi Selavi, Dizyèm Depatman, Veye-yo ak Komite Aksyon Patriyotik Ayisyen nan Miyami (KAPAM).

MARATON LAREZISTANS-la ap fèt dimanch 27 oktòb 1991, nan lakou legliz Notre Dame d'Haiti, 8è di maten pou 8è diswa. Ayisyen toupatou, leve kanpe, vini pote kontribisyon-w, nenpòt sa-l ye-a; ansanm ansanm n'ap rive kanmenm. Nou bite, nou pa tonbe, nou pap janm tonbe!

Pou Koalisyon-an,

Marleine Bastien  
Gepsie Metellus